

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa mangrupa alat komunikasi manusa. Salaku alat komunikasi, basa miboga fungsi anu kacida pentingna dina kahirupan manusa, diantarana waé pikeun nepikeun émosi, kahayang, gagasan jeung pikiran hiji jalma ka jalma séjénna. Salian ti pikeun alat komunikasi, basa dipaké ku panyaturna pikeun ngébréhkeun éksprési jiwa ngaliwatan karya sastra.

Karya sastra miboga fungsi méré gambaran ngeunaan hiji hal. Gambaran anu disodorkeun ku hiji karya sastra tangtuna kudu miboga ajén anu éndah tur mangpaat pikeun masarakat. Karya sastra sahenteuna bisa jadi panglipur haté (hiburan) sarta nambahan pangaweruh. Kitu deui pikeun anu nyiptakeun atawa pangarang éta karya sastra. Ngaliwatan nyiptakeun karya sastra, pangarang ngébréhkeun sagala kanyahona, kereteg haténa jeung pikiranana kalawan jujur sangkan éta karya sastra téh miboga mangpaat pikeun balaréa.

Karya sastra mekar nurutkeun kana parobahan jaman. Unggal karya sastra anu gelarna ogé tangtu béda-béda. Dumasar kana périodisasina, sastra Sunda nurutkeun RI Adiwidjaja dibagi kana opat période: jaman Hindu; jaman Islam; jaman Islam sanggeus keuna ku pangaruh Mataram; jeung jaman béh dieu sanggeus keuna ku pangaruh peperangan (Isnendes, 2008, kc. 7). Unggal période dina gelar sababaraha karya sastra anu béda-béda. Unggal karyana miboga karakteristik sewang-séwangan. Misalna waé dongéng anu gelar di jaman Hindu, karakteristikna nya éta miboga unsur pamohalan.

Nurutkeun Iskandarwassid (2003, kc. 31), dongéng téh salasahiji sastra Sunda buhun dina wangun prosa (lancaran). Sakapeung sok diselapan bagian anu dikawihkeun; biasana parondok; turun-tumurun jeung sumebarna ku cara lisan; tara kapaluruh saha pangarangna. Nilik kana wandana jeung eusina dongéng téh kaasup rékaan baheula. Patempatan anu jadi latarna mindeng tétéla gambaran

kaayaan baheula, tokoh-tokohna henteu manusa wungkul, tapi ogé sasatoan, buta, atawa mahluk-mahluk séjénna. Kajadian-kajadian caritana sakapeung karasa pamohalan, corak rékaan heubeul anu mindeng ngolah siloka atawa alégori pikeun mungkus téma.

Dumasar kana pamadegan di luhur, dongéng mangrupa salasahiji karya sastra anu bisa dikaji sacara strukturalisme. Konsép dasar anu jadi ciri has téori struktural nya éta anggapan yén karya sastra mangrupa struktur anu otonom anu ngan bisa dicangkem maksudna tina hiji gemblengan anu diwangun ku unsur-unsur anu ngarojongna. Ku lantaran kitu, karya sastra bisa dipaham; dicangkem téh dumasar struktur pangwangunna baé, leupas tina kasang tukang kasajarahana, leupas ti niat jeung kamampuh pangarangna, leupas tina pangaruh anu dihontal ku pamacana. Jadi anu penting mah *close reading*, nya éta hiji prosés pembacaan kalawan mikroskopi tina karya minangka ciptaan basa (Isnendes, 2007, kc. 28).

Sanggeus niténan struktur anu aya dina dongéng, tangtuna bakal kapanggih maksud, pesen atawa kahayang pangarang ku aprésiator sastra. Éta hal ditepikeun ku pangarang sacara langsung boh teu langsung. Ditepikeun sacara langsung kalayan ngajanggélék dina karya sastrana, anu teu langsung mah bisa nyamuni atawa diwakilan ku tanda. Ku kituna, salian ti bisa dipaluruh maké kajian strukturalisme dongéng ogé bisa dianalisis sacara sémiotik. Sémiotik mangrupa tarékah pikeun nganalisis sastra salaku hiji sistem tanda-tanda jeung nangtukeun konvénsi-konvénsi anu ngamungkinkeun hiji karya sastra miboga harti (Pradopo, 2012, kc. 142).

Karya sastra anu hadé téh nya éta karya sastra anu miboga pesen-pesen atawa ajén moral anu kudu dilenyepan ku aprésiator sastrana. Ajén téh nya éta hal anu ngirut kana haté, anu ditéangan, anu ngabungahkeun, anu matak dipikaresep jeung dipikahayang, singgetna mah hal anu hadé (Bertens, 1994, kc. 139).

Sumber ajén téh taya lian nya éta adat istiadat, lingkungan agama jeung moral. Bertens (1994, kc. 7) nétélakeun yén moral téh nya éta hiji hal anu miboga harti sarua jeung ajén-ajén, norma-norma anu jadi patokan manusa dina

ngajalankeun kahirupanana. Salian ti masarakat, moral mangrupa salasahiji unsur anu bisa ditepikeun ku pangarang ka pamaca. Jadi, bisa dicindekkeun yén ajén moral téh nya éta méré sawangan ngeunaan hadé atawa goréngna anu ditarima ku masarakat atawa aprésiator sastra ngeunaan kalakuan, sikep, ahlak, kawajiban, budi pekerti, jeung asusila.

Henteu sakabéh karya sastra, kaasup dongéng, méré gambaran kahirupan sosial sacara gembleng, kitu ogé henteu sakabéh pangarang mampuh ngébréhkeun sawangan dunyana sacara objéktif. Kamampuh pangarang diperlukeun pisan dina hal ngébréhkeun gagasan kréatif idéologina. Kamampuh maham kana kondisi sosial tinangtu aya di sawaréh jalma, tapi kamampuh ngamaniféstasikeun kondisi sosial tadi kana wangun karya sastra teu loba pangarang anu tapis. Ku kituna, dina ieu panalungtikan, kumpulan dongéng anu ditalungtik nya éta buku kumpulan dongéng anu judulna *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana.

*Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana téh, nya éta kumpulan dongéng anu kandelna 96 kaca, citakan anu kadua, terbitan Rahmat Cijulang dina taun 1967. Nurutkeun interprétasi panyusun, ieu kumpulan dongéng mangrupa kumpulan dongéng anu eusina méré gambaran kahirupan sosial anu nyata tur mundel. Méré gambaran kahirupan sosial anu ngawakilan jamanna. Ajén atawa pesen moral anu ditepikeun ku pangarangna ogé mangrupa protés sosial kana kahirupan anu kaalaman jaman harita, dimana kahirupan di éta jaman téh geus loba anu teu saluyu jeung bebeneran sarta teu sarua jeung sakumaha mistina. Ieu kumpulan dongéng téh ngandung unsur pamohalan, sarta humor anu diwakilan ku karakter *Si Kabayan*, tapi éta hal teu ngabalukarkeun ajén atawa pesen moralna leungit. Ku ayana éta unsur, naon-naon anu hayang ditepikeun ku pangarang téh teu hésé ditarima ku aprésiator sastra.

Dumasar katerangan di luhur, dongéng téh mangrupa karya sastra anu miboga ajén-ajén luhung pikeun jadi conto dina kahirupan. Ku kituna, dongéng bisa dijadikeun bahan ajar, saluyu jeung KIKD pangajaran basa Sunda. Dina KIKD kelas VII aya pangajaran maca dongéng. Kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana bisa dijadikeun bahan ajar. Kumpulan dongéng *Si*

Resti Melianti, 2014

***Ajén Moral Dina Kumpulan Dongéng Si Kabayan Tapa Pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng Di Smp Kelas VII (Tilikan Struktural Jeung Sémiotik)***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*Kabayan Tapa* téh henteu hésé dicangkem, gampang ngirut sarta miboga ajén moral anu luyu pikeun bahan ajar di sakola. Sangkan kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran, saméméhna diayakeun heula panalungtikan atawa analisis kana éta karya.

Hasil panalungtikan ilmiah séjénna anu maluruh kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah nya éta “*Prinsip jeung Maksim Paguneman dina Kumpulan Carpon Si Kabayan Tapa*” (Siska Nursalam, 2008). Salian ti jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, aya ogé ti jurusan Pendidikan Bahasa Inggris “*The Non-Observance of Conversational Maxims in Si Kabayan Tapa*” (Tati Sunarti, 2008). Tina sababaraha panalungtikan ngeunaan kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* tacan aya panalungtikan anu museur kana struktur sémiotik jeung ajén moral dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa*. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “*Struktur-Sémiotik jeung Ajén Moral dina Kumpulan Dongéng Si Kabayan Tapa pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMP Kelas VII*” perelu dilaksanakeun pikeun ngeuyeuban dokuméntasi panalungtikan ilmiah ngeunaan unsur instrinsik, analisis sémiotik jeung ajén moral dina karya Sastra Sunda.

## 1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu dipedar, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* mangrupa kumpulan dongéng anu eusina méré gambaran kahirupan sosial anu nyata tur mundel;
- 2) salian ti bisa dipaluruh maké kajian strukturalisme, dongéng ogé bisa dianalisis sacara sémiotik;
- 3) réa ajén moral anu ngajanggélék sacara langsung, aya ogé anu nyamuni ku lambang-lambang/tanda-tanda dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa*;
- 4) kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana bisa dijadikeun bahan ajar maca dongéng di sakola.

### 1.3 Rumusan Masalah

Sangkan teu lega teuing ambahanana, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha sruktur kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana téh?
- 2) Kumaha unsur sémiotik anu aya dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana téh?
- 3) Naon waé ajén moral anu aya dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana téh?
- 4) Kumaha impleméntasi hasil panalungtikan pikeun bahan ajar maca dongéng di SMP kelas VII?

### 1.4 Tujuan Panalungtikan

#### 1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta maluruh pasualan struktur-sémiotik jeung ajén moral anu aya dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana.

#### 1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun hal-hal ieu di handap:

- a) ngadéskripsikeun struktur kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana;
- b) ngadéskripsikeun unsur sémiotik anu aya dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana;
- c) ngadéskripsikeun ajén moral anu aya dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana;
- d) ngadéskripsikeun impléméntasi hasil panalungtikan pikeun bahan ajar maca dongéng di SMP kelas VII?

### 1.5 Manfaat Panalungtikan

Resti Melianti, 2014

*Ajén Moral Dina Kumpulan Dongéng Si Kabayan Tapa Pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng Di Smp Kelas VII (Tilikan Struktural Jeung Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 1.5.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nya éta ngeuyeuban dunya kaélmuan ngeunaan sastra, hususna ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan struktur-sémiotik jeung ajén moral anu aya dina hiji karya sastra.

### 1.5.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta:

- a) bisa jadi sumber référénsi pikeun para mahasiswa jeung kaom akademisi séjénna dina nalungtik sastra Sunda;
- b) bisa ngeuyeuban produk panalungtikan karya ilmiah tina jihat sastra;
- c) bisa ngeuyeuban référénsi bahan pangajaran anu luyu di sakola;
- d) pikeun panalungtik bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan;
- e) pikeun masarakat sacara umum bisa nambahan pangaweruh masarakat ngeunaan kumaha gambaran struktur-sémiotik jeung ajén moral dina hiji karya sastra.

## 1.6 Raraga Tulisan

Sistematika atawa raraga tulisan ieu skripsi téh sacara gurat badagna kabagi jadi lima bab. Dimimitian ti BAB I, BAB II, BAB III, BAB IV, jeung BAB V.

BAB I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur raraga tulisan.

BAB II Kajian Pustaka, nya éta ngeunaan tatapakan téori anu medar ngeunaan pamarekan sastra (struktur-sémiotik), ajén moral, bahan pangajaran, jeung dongéng.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina husus medar ngeunaan méthode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sumber data, desain panalungtikan, jeung wangenan operasional.

BAB IV medar ngeunaan struktur-sémiotik jeung ajén moral anu aya dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana, sarta kumaha larapna hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas VII.

BAB V Kacindekan jeung Saran, mangrupa bab pamungkas sarta gurat badag jeung intisari tina ieu skripsi. Dina ieu bab ngawengku kacindekan jeung saran.